

**Pwogram Pilòt pou Ranmase Dechè Alimantè Nan Vil Somerville
Somerville, Massachussets**




Pwogram pilòt pou ranmase Dechè Alimantè Gratis – Nan Lès Somerville

Kounye a li disponib pou kay ki kalifye nan Lès Somerville avèk 6 chanm oswa mwens ki poko resevwa sèvis konpostaj nan kwen twotwa. Enskripsyon nan Pwogram Pilòt sa a limite. Yo pral bay sèvis gratis pou pwogwam pilòt sa a nan mitan 2027.

[Klike la a pou tcheke kalifikasyon pou Pwogram Pilòt pou ranmase Dechè Alimantè nan Vil Somerville] <https://account.garbagetogarden.org/user/sign-up>

Lè w patisipe nan pwogram pilòt sa a, w ap dakò pou Garbage to Garden pataje enfòmasyon, kontak ou ak lòt done sou patisipasyon ou ak vil Somerville. Vil Somerville ka voye sondaj opsyonèl pou amelyore pwogram ranmase dechè alimantè nan Somerville.

Kat detaye katye nan Lès Somerville ki kalifye pou Pwogram Pilòt pou ranmase Dechè Alimantè nan Kwen Twotwa:



Vil Somerville ap finanse yon Pwogram Pilòt pou pi byen konprann enterè kominote a nan fè konpòs, fason yon pwogram te ka elaji alavni, ak enpak pwogram nan genyen sou sante kominote a, anviwònman an, ak objektif dirabilite. Pwogram pilòt sa a konsantre sou kay ki pa t gen chans fè konpòs anvan.

Fason Pwogram Pilòt pou ranmase Dechè Alimantè nan Somerville la fonksyone:

1. Antre adrès ou nan fòmilè enskripsyon an epi reponn kesyon kalifikasyon ki vinn annapre ki gen rapò ak pwogram pilòt pou ranmase dechè nan kwen twotwa Somerville.
2. Si kay ou a kalifye, fòmilè enskripsyon an ap dirije w nan pwogram pilòt gratis epi Garbage to Garden ap konfime enskripsyon w pa imel, ansanm ak detay sou livrezon kit ou ak detay sou kòmansman sèvis la.

3. Imel pou konfime enskripsyon w nan ap gen ladan dat kòmansman sèvis ou a. Sèvis ou a ap kòmanse nan de semèn apre enskripsyon an. Enskripsyon nan pwogram sa a limite; si yo ajoute w nan yon lis datant, y ap fè w konnen lè w kapab kòmanse sèvis la. Y ap kontinye bay sèvis jiska mitan 2027.
4. Koleksyon an ap fèt nan jou nòmal ou konn jete fatra ak jou koleksyon resiklaj la, sòf si gen reta akòz jou ferye.

Ki sa pake pou kòmanse a gen ladan:

- Y ap ranmase fatra bò twotwa chak semèn
- Bokit Konpòs bò twotwa (deyò)
- Bokit Konpòs sou Kontwa (anndan)
- 1 Woulo sak ki ka fè konpòs
- Gid “Fason Pou (How To) ” pou Debitan

Pou plis enfòmasyon, gade tou <https://www.somervillema.gov/foodwaste>

[Klike isit la pou tcheke kalifikasyon pou Vil Somerville pwogram Pilòt pou ranmase Dechè Alimantè] <https://account.garbagetogarden.org/user/sign-up>

Poukisa pou fè Konpòs nan Somerville?

- Nan [Plan Dechè Zewo nan Somerville](#) ak [Climate Forward 2024](#), vil Somerville mete objektif pou diminye kantite fatra yo pwodwi nan vil la: 30% disi 2030 e 90% disi 2050. Nan Massachussets, fatra plant ak bèt ansanm ak papyè ki ka dekonpoze reprezante apreprè 30% nan tout fatra solid vil la, kidonk fè konpòs nan vil la se youn nan aksyon kle pou rive reyalize objektif sa yo.
- Ann amoni ak [Depo Machandiz ki Baze sou Konsomasyon “Consumption-Based Emissions Inventory”](#) Vil Somerville la, manje, sa gen ladan dechè alimantè, se sèl

pi gwo sous emisyon kabòn rezidan nan fwontyè Somerville, ki depase transpò ak aktivite lojman tankou chofaj ak itilizasyon kouran elektrik lakay. Evite gaspiyaj manje epi achte sèlman kantite manje yon fanmi bezwen se youn nan fason ki pi fasil epi ki pa chè pou evite emisyon alimantè.

- Chak 3 fanmi ki fè konpòs pandan yon ane evite anviwon 1 tòn dechè alimantè ki al fini nan boukan dife oswa sit depo fatra, sa redwi polisyon klimatik epi amelyore kalite lè a.
- Konpòs ki fin fèt amelyore tè lokal yo, li soutni jaden yo ak espas ki vèt.
- Lè w fè konpòs, ou retire rès manje nan fatra w yo, sa ede nan kenbe bwat fatra yo rete pwòp san move sant, epi pa atire rat ak lòt bèt.
- Ansanm, nou ap bati yon Somerville ki pi dirab — yon po banann alafwa.